Bhaibheri re vana

Rikukupai

# Murume akapfuma nemurombo



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Alastair Paterson; M. Maillot; Lazarus
Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu akaziva kuti vatungamiriri vazhinji vakanga vari vanhu vanoda mari kudarika Mwari. Akavaudza zvakanga zvaiitika kuna varume vaviri.  Akataura kuti kuva neupfuma asi usina Mwari hakubatsiri. Akavaudza kuti pfuma haikwanisi kutenga hupenyu husangaperi kudenga kuna Mwari.




Pakanga paine murume
akanga aine pfuma
zhinji ne mbatya
dzakanaka.
Murume uye
aipfeka
samambo.



Murume mupfumi aidya chikafu chakanaka kwazvo. Akanga aine mari yaikwanisa kutenga zvose zvaida kudya mangwanani, masikati namanheru.



Pamusuwo peimba yake, pakanga paine murume akanga ari murombo, uye akanga achirwara achikumbira zvokudya.
Murume uyu ainzi Razaro.





Razaro akanga aine zvironda zvakawanda. Zvichida akanga aine chirwere, kana akanga akuvara nokuti vamwe vaimuitira hutsinye. Zvichida akanga aine zvironda nokuti akashaya zvokudya zvakakwana, zvakaita somukaka, muriwo nenyama.

Razaro akashuwira chikafu. Kunyangwe mafufu apatafura yomurume mupfumi.




Dzimwe nguva, imbwa dzinenge dzarasika dzakauya kuzomunanzva. Hapana munhu akanga achibatikana nokuti Razaro akanga asina zvokudya.



Rimwe
zuva,
Razaro
haana
kumuka.
Murume
murombo
akanga
aine nzara
akanga afa.




Asi Razaro akava nomufaro mukuru mushure mokunga afa. Ngirozi dzaMwari dzakamutakura kuti aende kuna Abhurahama. Razaro akanyararidzwa naMwari.




Murume mupfumi akafa zvakare. Pfuma yake haina kukwanisa kumubatsira. Kana rufu rwauya, hapana anokanisa kurumisa.




Murume mupfumi akavigwa. Zvichida vanhu vazhinji vakauya kuzomuchema. Vamwe vakamuchiva nokuti akanga aine mari zhinji. Asi Havana kukwanisa kumubatsira. Murume mupfumi akanga aenda kuGehena.




Achinge ari kuGehena, murume mupfumi akachema achiti, “Baba Ahurahama, tumirai Razaro nemvura auye kuzondiisira parurimi rwangu nokuti ndatsva nomoto uri
kuno.”



Ahurahama akayeuchidza murume mupfumi achiti, “Panyika vakanga uine pfuma zhinji asi Razaro akanga ari murombo. Razaro arikunyararidzwa kuno asi iwe uri kunetseka. Hapana munhu anokwanisa kuuya kwauri kubva kuno kwatiri.”





Murume mupfumi akachema achiti, "Tumai Razaro kuti aende kunotaurira vakoma vangu vashanu. Hanidi kutivauye kuzonetsekana kuno kwandiri."



Abhurahama akapindura akati,
“Vakoma vako vane shoko raMwari.”
Kana vakatadza kutenda Bhaibheri,
kana Razaro havakwanisi kumutenda.



Jesu akapedza kutaura nyaya yomurume mupfumi naRazaro.  Zvichida, vatungamiriri vakabvunza pakati pavo vachiti, "Ndinoda pfuma kudarika Mwari here?" Vakaziva zvinoitika kana vakarega kuteerera shoko raMwari.



Murume akapfuma nemurombo

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ruka 16

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

# Magumo

44

60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16